Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 47 (6508) 10 октябрь 2016 с. Итни МухIаррам 1438 с. Багъа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## Баркула гьижрияб 1438 сон

**Хириял диналъул вацал ва яцал! Баркула киназдаго гьижрияб календаралда рекъон цIияб 1438 абилеб соналда байбихьи. Исламияб сон байбихьула МухIаррам моцIалдасан. Гьеб моцIалъул анцIабилеб къо ГIашура къо ккола.**

Гьижрияб 1437 соналъ щивас гьабураб лъикIаб гIамал ва гIибадат Аллагьас аза-азариде бахинабеги. ЦIияб гьижрияб сонги баракат бугеблъун, нилъер ракIазулъ лъикIал ишал гьарзалъулеб, цоцаздехун гьуинаб, вацлъиялъулаб бербалагьиги гьоркьоблъиги цIикIкIунеблъун батаги.

Гьарула районцоязе баракат гьарзаяб, сахлъи щулияб ва хьизан-рукъалдаса рохараб гIумру.

ЦIунаги къварилъи - балагьалдаса.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

## Почалъул хIалтIухъабазда

**ХIурматиял почалъул хIалтIухъаби – почалъул отделениязул нухмалъулел, операторал, почтальонал, ракI-ракIалъ баркула нужеда тIолгодунялалъул почтаялъул къо. ГIадамазул гIемерал къваригIелал тIуралел чагIи ккола нуж.**

Халкъалъухъе газетал, журналал, кагътал щвезари, гIарцулал переводал рикьи, Россиялъул батIи-батIиял букIназде ритIизе гIарац, кагътал къабул гьари ва бухIараб токалъухъ гIарац боси ва цогидал хъулухъал нужеца мухIканго тIуразе хIаракат бахъула.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, халатаб гIумру, рокъоб парахалъи.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

## Баркула росдал магIишаталъул хIалтIухъабазда

**ХIурматиял росдал магIишаталъул хIалтIухъаби! Къабул гьабе «Гумбет район» муниципалияб районалъул, райадминистрациялъул рахъалдасан ракI-ракIалъулаб барки. Профессионалияб байрамгун, росдал магIишаталъул хIалтIухъаби – гIухьби, дояркаби, механизаторал, лъалъадухъаби, колхозчагIи, захIматалъул ветераналл!**

Нужеца гIезарурал нигIматаз бечед гьарула щивасул рокъор столал, камугеги батIи-батIиял кванил нигIматал рокъоса.Байрамалда мустахIикъаб дандчIвай гьабизелъун районалъул росдал магIишаталъул хIалтIухъабаз бергьенлъаби росулел руго тIощел, гьан, рахь, квас гIезабиялъулъ. РакIчIараб буго хадубккунги росдал магIишаталъул аслиял бутIаби – хурухъанлъи, гIи-боцIухъанлъи цебетIезабиялда жеги лъикIал хIасилал росизе рукIиналда.

Гьарула нужее халатаб гIумру, щулияб сахлъи, росдал магIишаталъул нигIматал гIезариялъулъ чIахIиял бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО, ХАНЗАБАЗДАГИ ТIАД ХIУКМУ ГЬАБУЛЕБ

## Лъай – инсаниялъул аслу

### МугIалимасул ва цIалул церехъабазул къо

**5 октябралда Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул кIалгIаялда тIобитIана Россиялъул учителасул къо ва районалъул школазул цIалул церехъаби кIодо гьарураб рохалилаб данделъи. Гьеб рагьилелде бихьизабуна учителасул къоялда хурхун видеоролик. Гьенир рихьизаруна, гьезул хIакъалъулъ къокъал баяналгун, тIоцере Гумбет районалда хIалтIулел рукIарал мугIалимзаби, директорал ва лъайкьеялъул отделалда нухмалъулелллъун рукIарал.**

Данделъи рагьана ва махщалида бачана Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул информационниябгун методическияб централъул методист **ГIабдула МухIамадовас** ва МелъелтIа аслияб школалъул нухмалъулей **Зульфия ХIажимурадовалъ.** МугIалимзабазда байрам баркун цере рахъана «Бакъ» ясли-ахалъул лъимал ва МелъелтIа аслияб школалъул цIалдохъаби.

Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул нухмалъулесул тIоцевесев заместитель **СайгидахIмад АхIмадовас** мугIалимзабазде бачIараб баркиялъулаб кагъат цIалана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Сулаймановас.** Гьединго Сулаймановас «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировасул** ва жиндирго рахъалдасанги мугIалимзабазда байрам баркана. «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул рахъалдасан 2014, 2015, 2016 цIалул соназда республикаялда тIоритIарал конкурсазда гIахьаллъарал ва гьенир лъикIал хIасилал рихьизарурал мугIалимзабазе къуна ХIурматалъул грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.




(Ахир -кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



ТIабигIияб газ, нухал, ток…

-2 гьум.



Ригь аразул къо кIодо гьабуна

-2 гьум.




Макка Ахкубегова – кучIдул рикIкIунезул республикаялъулаб конкурсалъул гIахьалчIужу

-3 гьум.



Бергьана килал, лъаратIисел ва мелъел

-3 гьум.

ХАЛКЪАЛЪУЛ УРГЪАЛИДА

# ТIабигIияб газ, нухал, ток...

**Россиялъул МЧСалъул Дагъистаналда бугеб управлениялъул нухмалъулев Нариман ГъазимухIамадовасде бакълъулаз рорхарал суалал**

**Гумбет районалде вачIун вукIана Дагъистан Республикаялъул гражданскияб оборонаялъул, гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул ва тIабигIияб балагьалъул хIасилал лъугIизариялъул ишазул рахъалъ министр Нариман ГъазимахIамадов ва гьес гIадамал тIаде къабул гьаруна. Цадахъ рукIана гьесул заместитель Руслан МухIамадов, отделалъул начальник Эльдар Атаев, министерствоялъул юрист МухIамад МухIамадов ва пресс-хъулухъалъул нухмалъулей Написат МухIамадова.**

ГIадамал къабул гьариялда гьединго гIахьаллъана Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуралев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров,** районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIманов,** ишазул управляющиясул гражданскияб оборонаялъул ва гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул рахъалъ заместитель **ГIабдурахIман Дайтмирзаев,** № 45 пожарнияб часталъул нухмалъулев **МухтарахIмад АхIмадов.**

Министрасухъе рачIана районалъул росабазул вакилзаби. Гьез рорхулел рукIана жидеего хIажаталъул хIакъалъулъ гурелги, росуцоязе кьваригIарал масъалабиги.

«Сельсовет "Аргванинский"» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер **Сайпилав МухIамадовас** ГъазимахIамадовасда гьарана росдал гIадамаз босараб автомашинаялда лъезе цIа свинабулеб оборудование щвезе кумек гьабеян. Гьеб суал тIубазабеян министрас тIадкъай кьуна заместителасе.

«Село Нижнее Инхо» росдал поселениялъул цIа ккеялдаса цIуниялъул дружинаялъе цIа свинабулеб машина щвеялъе квербакъеян абуна Гьоркь Инхо росулъа **ЮнусхIажи ХIамзатовас.** Нариман МахIмудовичас рагIи кьуна цIа свинабулеб машина кьезе.

«Гумбет районалъул ракьалдасан рачун руго Болъихъ ва Хунзахъ районазде газил рогIрал. Гьел районазул гIемерисел росабазе щун буго газ. Гумбет районалдайин абуни цониги росулъе газ бачун гьечIо. Гьарула Гумбет районалъул росабалъе газ бачиналъе квербакъи гьабеян» - ян абуна министрас тIаде къабул гьавурав МелъелтIа росдал бетIер **МухIамад ГIабдулнасировас.**

Дагъистан Республикаялъул бетIерасул божилъи гьабурав чи, Гумбет районалъул херазул Советалъул председатель **ГIали ГIумархIажиевги** къабулгьавуна ГъазимахIамадовас. ГIумархIажиевас абуна:

«Бакълъулаз гьава-бакъалъул захIматал шартIазда гIумру гьабулеб буго. Хасго захIмалъаби, квалквалал хасало дандчIвала – нухал гIазуялъ ккураб мехалъ. Районалъул ракьалда буго ХIаригабурлъи ва Буцрахъгабурлъи. «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул техника басралъун букIиналъ, нухал гIазуялдаса рацIад гьари хехго тIубазе кIолеб гьечIо. ЦIакъ бокьилаан нухал гьарулеб ва гьел къачIалеб идаралъе цIияб техника щвезабиялъе квербакъеян». Министрас гьеб суал гIумруялде бахъинабиялъе хIалтIи гьабизе рагIи кьуна.

ЦIилик росулъа захIматалъул ветеран **ХIажияв Пайзулаевас** борхана электроканлъи гьоркьоб кьотIизабулеб букIиналъул суал. Хасалил заманалда токалъ ракулел пучдул гIемерлъидал, трансформаторал холел рукIиналъ, росабалъе хасаб заманалъ ток гьоркьоб кьотIизабулеб буго. Подстанциялда капиталияб ремонт гьабизе хIажат буго. Гумбеталъул мастерлъиялъулаб участкаялда хIалтIухъабазул къадар, штатал къан, дагь гьабун буго. Токалъул мухъазда авария ккедал, гьеб рукIалиде бачин халат бахъунеб буго, цоцаздаса рикIкIад руго районалъул росаби. Гьел суалал гIумруялде рахъинаризе кумек гьабизе бокьилаанин абуна Пайзулаевас. Гьеб суалалъул халгьабун, дандрекъон кколел органазда лъазабилин абуна министрас.



ГIадамал къабул гьарун хадув министр щвана районалъул диспетчерскияб хъулухъалде, № 45 пожарнияб часталде, кьуна гьезул хIалтIуе тIадегIанаб кьимат.

Ахиралда районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас гьалбадерие баркала кьуна.

**«Гумбет» РИО**

# Лъай – инсанияталъул аслу

**(Байбихьи тIоцебесеб гьум.)**

Гумбет районалдаса ДРялъул Халкъияб Собраниялде депутат **НурмухIамад ГIалиевас,** мугIалимзабазде баркиялъулаб кагъат цIалана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель **Малик Маликовас.** Кьуна 2015-2016 цIалул соналда цIалдохъабазе лъайгун тарбия кьеялъулъ рихьизарурал лъикIал хIасилазе гIоло «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул рахъалдасан ункъго мугIалимасе ХIурматалъул грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

МугIалимзабазда байрам баркана ва 2015-2016 цIалул соналда цIалдохъабазе лъайгун тарбия кьеялъулъ рихьизарурал лъикIал хIасилазе гIоло Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан 13 мугIалимасе кьуна ХIурматалъул грамотаби гIарцулал сайгъатал районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас.** Гьединго республикаялда тIоритIарал олимпиадазда, конкурсазда призалъулал бакIал ккурал цIалдохъабазе ва гьел хIадурарал мугIалимзабазеги кьуна грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

МугIалимзабазда байрам баркун кIалъана Игьали гьоркьохъеб школалъул мугIалим **Муртаза Эфендиев,** Ингишо гьоркьохъеб школалъул директор **ГIали ГIумархIажиев,** МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул мугIалим **РайхIанат Батирмирзаева.**

«Сельсовет "Аргванинский"» росдал администрациялъул бетIер **Сайпилав МухIамадовас** Аргъвани ва Цияб Аргъвани школазда гIемерсоназ хIалтIарал, «Сельсовет "Мехельтинский"» росдал администрациялъул рахъалдасан МелъелтIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей **ГIазра РурухIмаевалъ** МелъелтIа гьоркьохъеб ва аслияб школазда хIалтIарал педагогал – ветераназе сайгъатал кьуна. Гьединго Данухъ гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев **МухIамад Сайпилаевас,** ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев **Гъайирбег ХIусеновас** жидерго школазул ветеранал гIарцулал сайгъатал кьун кIодо гьаруна.

Гумбет районалъул цIалул церехъабазул анлъабилеб слеталде рачIана 17 школалдаса 5 – 11 классазда цIалулев 167 цIалдохъан. Гьезие районалъул лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан кьуна грамотаби ва сайгъатал. Слеталда гIахьаллъараз районалъул киналго цIалдохъабазде ХитIаб къабул гьабуна.

Унго-унгояб байрамалде сверун букIана учителасул къоялда ва цIалул церехъабазда хурхун тIобитIараб тадбир. «Бакъ» ясли-ахалъул, районалъул искусствоалъул школалъул лъималаз гьаруна кьурдаби. Россиялъул Халкъазул гIадатияб маданиялъул Гумбет районалъул централъул коллективалъ ахIана кучIдул.

**ГIайшат Исламбиева**

ДЕПУТАТАСУЛ РАГIИ

# Азарабго баркала

**ХIурматиял Гумбет районалъул жамагIатчагIи! Азарабго баркала буго нужее Россиялъул Пачалихъияб Думаялъул депутатлъун дун вищизе кьурал гьаркьазухъ.**

Нужеца цоги нухалъ тасдикъ гьабуна Россиялъул президент Владимир Путиница гIуцIараб «Цогояб Россия» партиялъул рахъкколеб букIин. Нижеца бажарарабщинаб гьабизе буго нужер мурадал цIуниялъе, Гумбет районалъул гIадамазул гIумруялъул даража жеги борхизабиялъе.

**ГIабдулмажид Маграмов,**
**Россиялъул Пачалихъияб**
**Думаялъул депутат**

ХЕРАЛ МАГIАРУЛАЛ, НУЖЕР ЦО РАГIИ
ЦО ГIАЛИМЧИЯСУЛ ТIЕХЬ БУГО ДИЕ

# Ригь аразул къо кIодо гьабуна

**Адаб-хIурматги сайгъаталги**

**Гумбет районалъул гIадамал социалияб рахъалъ хьезариялъул централъул ригь арал гIадамазе ва инвалидазе къад хъулухъ гьабиялъул отделалда тIобитIана ригь арал гIадамазул къоялъул хIурматалда дандеруссин.**

Гьелда гIахьаллъана ва гьезие сахлъи, рохел, хадубккунги лъикIабщинаб гьарун кIалъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIманов,** ЦСОНалъул нухмалъулев **Абакар МухIамадов,** отделалъул хIалтIухъаби **Наида Манапова, Маржан Эсенбулатова.**

Дандеруссиналда гIахьаллъарал **Нина Кузенкоца, ГIаша Мусаевалъ, Хазират ГIумаровалъ, ГIайшат Мухтаровалъ** ракI-ракIалъулаб тIалабалъухъ ва гIуцIараб бечедаб тепсиялъухъ.



баркала кьуна централъул нухмалъулесе ва гьеб отделалъул хIалтIухъабазе жидер гьабураб

Тадбиралда гIахьаллъаразе кьуна сайгъаталги.

**ГIайшат Исламбиева**

ГIЕЛМУЯЛДА ХАДУР – КИТАЯЛДЕ ЩВЕЗЕГIАНГИ

# Гьарадирихъ школалъул мугIалим Кумсият Базарганова гIахьаллъана ингилис мацIалъул республикаялъулаб фестивалалда

**Гумбет районалъул Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул ингилис мацIалъул мугIалим Кумсият Базаргановалъ гIахьаллъи гьабуна ингилис мацIалъул республикаялъулаб фестивалалда. Гьеб тIобитIана Избербаш шагьаралъул № 12 школалда.**

Тадбиралъул хIурматиял гьалбаллъун рукIана ДРялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул Министерствоялъул гIаммаб лъайкьеялъул управлениялъул бетIерай специалист – эксперт Лейла Арсланбекова, ДРялъул ингилис мацIалъул учительзабазул Ассоциациялъул нухмалъулей Татьяна Соловьева, лъайкьей цебетIезабиялъул Дагъистаналъул институталъул кIудияй мугIалим Зинаида Мамонтова ва цогидалги.

Жидерго кIалъаязда гьез бихьизабуна ингилис мацI лъазабиялъул кIвар, 2020 соналдаса ЕГЭ кьезе гьеб предмет гьорлъе бачине букIин.

ХIалбихьи цоцахъе кьеялъул мурадалда мастер – классалъул къагIидаялда тIобитIана гьеб тадбир. Кумсият Базаргановалъул тема букIана «Magical Castle» («СихIруялъул кIулал»).

**«Гумбет» РИО**

РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ

# Балеб буго цIияб кьо, 10 хIавуз ва токалъул мухъалъул 10 км къачIана...

### Гумбет районалъул администрациялъул коллегиялъул кьиндаде хIадуриялъул бицараб данделъиялдаса хъвай-хъваял

**Нижеца цебеккун лъазабухье, Гумбет районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъиялда гьоркьоб лъун букIана хасалоялде школал, сахлъи цIуниялъул, культураялъул учреждениял, нухазул магIишат, росдал магIишаталъул предприятиял хIадуриялъул хIакъалъулъ суал. Доклад гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ХIайбула ГIабдурахIмановас.**

Докладалда ГIабдурахIмановас рехсана хасалоялде хIадурлъи лъикI бугел бакIал, гьеб хIалтIулъ ругел гIунгутIаби. Масала, хасел тIаде щвелелде МелъелтIа «Бакъ» лъималазул ахикь басриял цIулал гордал хисун, рукъзабахъ хинлъи цIунулел пластикаялъул гордал лъуна. Капиталияб ремонталъе гьенибе 1 миллионгун 200 азарго гъурущ биччана.

ЦIияб цIалул соналде хIадурлъизе 1 миллионгун 855 азарго гъурущ биччана школазе. Ремонт щибаб школалда гьабуна, амма тIурччи-цIулалъул нахърател тIубанго гьабун гьечIо. Гьеб рахъалъ гIунгутIаби руго ТIад Инхо, Данухъ, Килалъ, ЦIияб Аргъвани, Гъоркь Инхо, ЛъаратIа ва цогидалги школазда.

Лъайкьеялъул учреждениязда хIухьлаца хинлъизариze пайда босулел пучдул, электромухъал къачIан руго. ЦIа ккеялдаса цIуниялъул хIалтIаби гьарун, лъим цIунулел хIавузал, цIа свинабулел сурсатал хIадурун руго.

Сахлъи цIуниялъул учрежденияздеги минаби хасалил шартIазде ремонт гьабун хIадурана, хIухьлаца роркьулел печал, лъим унел рогIрал къачIан руго. Арал соназго тIадин, тIурччи-цIул баччиялъулъ гIунгутIаби руго. Гъоркь Инхо, Аргъвани, Игьали участковиял больницабазде 28 сентябралдеги тIурччи-цIул баччун букIинчIо.

Маданиял учреждениял магIарухъ токалъ, хъутабазда газалъ хинлъизарула. Россиялъул халкъазул гIадатияб маданиялъул районалъул центр, искусствоялъул школа, центральияб библиотека маданиябгун сахгьариялъул комплексалда жаниб буго. Лъамияб цIатариялъ хинлъизарула гьел.

Хасалил шартIазде электромагIишат хIадуриялъе Гумбеталъул мастерскияб участкаялъ трансформаторазе ремонт гьабиялъул ва технический хъулухъ гьабиялъул рахъалъ лъикIалан хIалтIаби гьаруна. Кунзахъ росулъе электромухъалъе 2,7 км. манзилалда капиталияб ремонт гьабуна, октябрь моцIалъ ЧIиркъатIа электромухъазе 6,9 км. капиталияб ремонт гьабизе хIисабалде босун буго.

Ремонталъе материал щунгутIиялъ МелъелтIа подстанциялда хIалтIаби тIурачIого хутIун руго. Гьенибго трансформаторалъул къуват цIикIкIинабиялъул суал республикаялъул органазда цебе чанго нухалъ лъун буго.

Нухазул магIишаталъул хIалтIухьабаз хасалил заманалда гIазуялдаса нухал рацIад гьариялъе, ихдалги риидалги чвахун цIадаз хвезарурал нухал къачIаялъе гIемераб хIалтIи гьабула. Хасалоялде хIадурулеб буго техника. Балеб буго Хасавюрт – Кьохь шагьаранухда цIияб кьо.

Амма Хасавюрт – Кьохь шагьаранухда 46-55 абилел километразда, МелъелтIа – Щабдухъ – ИчичIали нухлул 1 – 6 километразда капиталияб ремонт гьабун гьечIо. Гьел нухазда хвелхал гIемер руго. Кьоял къачIазе ккола ТIад Инхоса ЧIикье, МелъелтIаса Щабдухъе ругел нухазда. Нухазул ракьанлъабазда лъим чвахизе рахъал къачIан гьечIо. Баччун гьечIо хасало цIер къараб мехалда нухде щвазе салиги цIамги. Гьабун гьечIо нахърател хасалил заманалда хIалтIизабулеб цIатариялъул.

Гьел ва цогидал хIалтIаби гIумруялде рахъинариялъе квалквал кколеб буго ГIагьавтодоралъ жиндир заманалда гIарац биччангутIиялъ.

Росабазул поселениязул администрацияз росабалъ жанисел нухал къачIаялъе лъикIалан хIалтIи гьабуниги, хIинкьи гьечIеб хIалалда нухал чIезарилъул рахъ лъикI гьечIин абизе ккола. Хвелхал гIемер руго, нухлул рагIаллъабазда, ракьанда лъун буго бакIал раялъул ва цогидаб материал, гIемер руго халатаб заманаялъ нухда лъурал хварал автомашинаби. Автотранспортги лъелго гIадамалги хвадизе, хIинкьи гьечIолъи цIунизе кIудияб квалквал буго гьелъул. Администрациязул счетаздайин абуни нухазул фондалъул гIемераб гIарац харж гьабичIого хутIулеб буго.

Росабалъ 10 лъел хIавуз, 10 км. лъим бачарал рогIрал капиталияб ва иргадулаб ремонт гьабун къачIана хасел тIаде щвелелде.

Хасалоялде лъикIаб хIадурлъи буго районалъул росдал магIишаталъул кооперативазул (СПК). Районалда хIадурун буго 4255,5 тонна ракIи-хералъул яги гьеб ккола хIажалъулеб къадаралде дандеккун 118,9%. Концкормаялъул 345,8 тонна буго, гьелъул хIажатаб къадаралъул хIисаб гьабуни 63,3 % гурони гьечIо. Хасалоялде лъикIаб хIадурлъи буго «Щабдухский», «Цундинский», «Данухский», «Мехельтинский» СПКязул.

Амма Имам Шамилил цIаралда бугеб СПКялда ва «Чиркатинский» ОООялда ракIи-хералъул гIураб нахърател гьабун гьечIо хасалоялде.

Хъутабазда сараял къачIаялъул хIалтIаби тIадран унел руго.

Данделъиялда къабул гьабуна хасалоялде хIадуриялъулъ ругел гIунгутIаби тIагIинариялъе болжал цIан, жавабиял рихьизарун гIатIидаб хIукму.

**Къурмагъиз ХIадисова**

МУГIРУЗУЛ СОН

## Макка Ахкубегова – кучIдул рикIкIунезул республикаялъулаб конкурсалъул гIахьалчIужу

**Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Каспийск шагьаралъул централда тIобитIана кучIдул рикIкIунезул республикаялъулаб «Дир Дагъистан» конкурс.**

гIумруялде бахъинабиялъул мурадалда.Конкурсалда жигараб гIахьаллъи гьабуна Гумбет районалъул МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 7 классалъул цIалдохъан **Макка Ахкубеговалъ**. КучIдул



Гьеб тIобитIана 2013-2018 сонazda Россиялъул Федерациялда терроризмалда данде кьеркьеялъул комплексияб план, Дагъистаналда МугIрузул сон гIуцIа-къан рикIкIиналъул гIемерал конкурсалъул гIа-хьалчIужу ккола гьей.

Каспийскалда Маккае щвана диплом.

**«Гумбет» РИО**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

## Бергьана килал, лъаратIисел ва мелъел

### Гумбет районалъул Ингишо росулъ рагьана мини-футболалъул байдан ва тIоритIана къецал

**Гумбет районалъул росабалъ цо-цо хIалтIизаризе кьолел руго футбол хIалел гьитIинал байдаби. Гьанжеялде рохалилаб ахIвал-хIалалда гьел рагьана ЛъаратIа, ЦIияб Данухъ ва цогидалги росабалъ. Гьал кьояз футбол хIалеб байдан рагьиялъул тадбир тIобитIана Ингишо росулъги.**

«Село Ингиши» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер **Камалудин Бибулатовас** гьеб рагьиялъул хIурматалда гIуцIана футбол хIаялъул турнир. ГIахьаллъана Гумбет районалъул 8 команда.

Къецазул гIахьалчагIазда баркиялъулаб кIалъай гьабуна Ингишо росдал бетIер Камалудин Бибулатовас.

Футбол хIалеб байдан рагьиялда ва турниралда гIахьаллъана ва кIалъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Сулайманов**, районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадов** ва цогидалги.



Футбол хIаялъул къецал ана гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIалалда. Футбол хIалезул щивас бихьизабулеб букIана махщел камиллъулеб букIин. Къецазда тIоцебесеб бакI «Килалъ», кIиабилеб бакI «ЛъаратIа», лъабабилеб бакI «МелъелтIа» командабаз ккуна. Камалудин Бибулатовас бергьенлъи босаразе къуна гIарцулал призал, грамотаби ва къиматал сайгъатал.

**«Гумбет» РИО**

ТIИБ

## Гъоркь Инхо: вакцинаялъул 650 доза

### Гриппалда данде къеркьей

**Киназего баянаб буго грипп цIакъ захIмат гурони чорхолъа бахъизе кIолареб, хехго цоцаде бахунеб унти букIин. Гьединлъидал гьеб унти бахинчIого букIине гьарула батIи-батIиял тадбирал, гьезул цояб буго укол гьаби. Районалъул хьиндаллъиялъул росабалъ гьабсагIат уколал гьарулел руго.**

Гъоркь Инхо участкаялъул больницаялъул терапевт **МухIамад СагIидовасул** ракIабазда рекъон, гьезие щун буго 650 доза вакцинаялъул. Гьеб бикьун буго Гъоркь Инхо, Килалъ, ТIад Инхо, Чикь росабалъе. МухIамадица бицана тIоцебесеб иргаялда укол гьабулеб бугин учительзабазда, лъималазул ахазул хIалтIухьабазда, пенсионеразда. Гриппалда данде уколал гьари ахиралде щолеб буго.

**Исрапил Заирбегов**

ЗИГАРА

**Гумбет районалъул администрациялъул ишазул рахъалъ управляющий ИсмагIил Салатгереевасда, гьваридаб пашманлъиялдалъун, зигара балеб буго эбел ГIащаэбел Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хваралъе алжан насиплъаги нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

**ГIабдулахIажи ГIабдулкьадиров,**

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев.**

**Районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал, отделазул, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел.**

**«Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул администрациялъул хIалтIухьабаз, гьваридаб пашманлъиялдалъун, зигара балеб буго ИсмагIил Салатгереевасда, эбел Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хваралъе алжан насиблъаги, нахъе ругезе халатаб гIумру кьеги.**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# «О внесении изменений в КоАП РФ и Трудовой кодекс Российской Федерации»

**Федеральным законом от 03.07.2016 N 272-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации по вопросам повышения ответственности работодателей за нарушения законодательства, в части касающейся оплаты труда» внесены изменения Трудовой кодекс РФ, вступающие в силу с 04.10.2016.**

В частности, статья 5.27 КоАП РФ дополнен пунктом 6 предусматривающей ответственность работодателей, за невыплату или неполную выплату в установленный срок заработной платы, других выплат, осуществляемых в рамках трудовых отношений, если эти действия не содержат уголовно наказуемого деяния, либо установление заработной платы в размере менее размера, предусмотренного трудовым законодательством

Для подобных нарушителей влечет наложение предупреждения или административного штрафа на должностных лиц в размере от десяти тысяч до двадцати тысяч рублей; на лиц, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, - от одной тысячи до пяти тысяч рублей; на юридических лиц - от тридцати тысяч до пятидесяти тысяч рублей.

За совершение повторного административного правонарушения, лицом ранее подвергнутым административному наказанию за аналогичное правонарушение, предусмотренного п. 6 ст. 5.27 КоАП РФ влечет наложение административного штрафа на должностных лиц в размере от двадцати тысяч до тридцати тысяч рублей или дисквалификацию на срок от одного года до трех лет; на лиц, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, - от десяти тысяч до тридцати тысяч рублей; на юридических лиц - от пятидесяти тысяч до ста тысяч рублей.

Также, указанным Федеральным законом внесены изменения в Трудовой кодекс Российской Федерации.

В ч. 6 ст. 136 Трудового кодекса РФ внесены изменения касающейся срока выплаты заработной платы, согласно которому, заработная плата выплачивается не реже чем каждые полмесяца. Конкретная дата выплаты заработной платы устанавливается правилами внутреннего трудового распорядка, коллективным договором или трудовым договором не позднее 15 календарных дней со дня окончания периода, за который она начислена.

В статью 236 Трудового кодекса РФ, предусматривающей материальную ответственность работодателей за задержку выплаты заработной платы и других выплат, причитающихся работнику.

Согласно положениям данной статьи, при нарушении работодателем установленного срока соответственно выплаты заработной платы, оплаты отпуска, выплат при увольнении и (или) других выплат, причитающихся работнику, работодатель обязан выплатить их с уплатой процентов (денежной компенсации) в размере не ниже одной сто пятидесятой действующей в это время ключевой ставки Центрального банка Российской Федерации от не выплаченных в срок сумм за каждый день задержки начиная со следующего дня после установленного срока выплаты по день фактического расчета включительно. При неполной выплате в установленный срок заработной платы и (или) других выплат, причитающихся работнику, размер процентов (денежной компенсации) исчисляется из фактически не выплаченных в срок сумм.

Размер выплачиваемой работнику денежной компенсации может быть повышен коллективным договором, локальным нормативным актом или трудовым договором. Обязанность по выплате указанной денежной компенсации возникает независимо от наличия вины работодателя.

Статья 392 Трудового кодекса дополнена частью 2 следующего содержания, касающейся сроков обращения в суд по трудовым спорам.

Согласно положениям данной статьи, за разрешением индивидуального трудового спора о невыплате или неполной выплате заработной платы и других выплат, причитающихся работнику, он имеет право обратиться в суд в течение одного года со дня установленного срока выплаты указанных сумм, в том числе в случае невыплаты или неполной выплаты заработной платы и других выплат, причитающихся работнику при увольнении.

**Шамил Магомедов,**
**помощник прокурора Гумбетовского района,**
**юрист 1 класса**

МЕСЯЧНИК «ДАГЕСТАНЦЫ ПРОТИВ ТЕРРОРИЗМА – РОДИНА ДОРОЖЕ».

# Родина-мать зовет

### Всем миром – против бесчеловечности

**В Гумбетовском районе Дагестана обсудили вопрос организации деятельности добровольных народных дружин в рамках проведения мероприятий республиканского месячника по противодействию экстремизму и терроризму «Дагестанцы против терроризма – Родина дороже».**

Месячник проходит с 12 сентября по 12 октября 2016 года. Среди акций, проведенных в Гумбетовском районе в данном месячнике, – встречи представителей власти и правоохранительных органов в школах и в других учреждениях, памятные мероприятия «Работайте, братья!», посвященные воплощению в жизнь завещания Героя России Магомеда Нурбагандова и другие события.

Вопрос организации деятельности добровольных народных дружин обсудили 05 октября в администрации Гумбетовского района.Мероприятие прошло под председательством заместителя главы администрации района **Малика Маликова** с участием заместителя главы администрации района **Хайбулы Абдурахманова**, и.о. начальника ОМВД России по Гумбетовскому району **Расула Лабазанова**, заместителя управделами администрации района по вопросам ГО и ЧС **Абдурахмана Дайтмирзаева,** глав сельских поселений, руководителей учреждений и организаций района. В ходе встречи был рассмотрен вопрос организации деятельности добровольных народных дружин и мер по ее дальнейшей активизации на территории муниципалитета. Открывая совещание, М.Маликов подчеркнул, что основными формами деятельности добровольных народных дружин являются оказание помощи органам местного самоуправления и правоохранительным органам в обеспечении безопасности населения и охране общественного порядка при возникновении стихийных бедствий, эпидемий, аварий и иных чрезвычайных ситуаций, а также совместное патрулирование дружинников с сотрудниками правоохранительных органов. Главам сельских поселений необходимо принимать меры по их материально-техническому обеспечению, а также обеспечению их помещением, формой, атрибутикой, повязками, а также удостоверениями.

Далее участники мероприятия заслушали информацию Р.Лабазанова об оперативной обстановке в районе, деятельности, проводимой в сельских поселениях уполномоченными инспекторами полиции, и их взаимодействии с администрациями поселений.

Вместе с тем, начальник РОВД подчеркнул, что обеспечение стабильной ситуации в районе во многом зависит от увеличения плотности нарядов на местах, особенно наиболее подверженных правонарушениям, от привлечения представителей общественности к охране правопорядка, вовлечения населения разной категории в состав добровольных народных дружин и активизации их работы.

«При администрациях всех сельских поселений района созданы добровольные народные дружины. В них числятся 223 человека. К сожалению, работа некоторых из них поставлена не на должном уровне, нет достаточной организации их работы со стороны глав сельских администраций. Необходимо обновить составы ДНД, активизировать их деятельность. Мы со своей стороны готовы во всем, по мере возможностей, поддерживать сельские администрации в организации их деятельности», – сказал Лабазанов, выразив надежду на то, что гумбетовцы окажут содействие в практике совместной работы полиции и жителей района – народных дружинников, по охране общественного порядка на территории муниципалитета.

Выступивший далее Хайбула Абдурахманов отметил, что в общественном сознании образ дружинника ассоциируется с человеком ответственным, имеющим высокий уровень правосознания и готовым противостоять всем, кто совершает преступления и правонарушения, мешает покою граждан, нарушает общественный порядок.

По вопросу повестки дня выступили также председатель комитета по молодежной политике и спорту **Нурмагомед Магомедов,** глава села Нижнее Инхо **Магомед Ибрагимов**, глава села Килятль **Ахмед Каримов,** глава села Аргвани **Сайпилав Магомедов**. «Сегодня добровольные помощники оказывают помощь сотрудникам полиции в охране безопасности людей и во время проведения массовых мероприятий. Я думаю, что наша задача сегодня, как минимум, добиться интенсивной работы ДНД, чтобы каждый день наши граждане были под их заботой. Мы будем и дальше заниматься более детальной проработкой эффективного взаимодействия народных дружинников с различными структурами района», - подчеркнул М.Маликов в завершении мероприятия.

**Районный информационный отдел «Гумбет»**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1264
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.